



## VIZA KI BAZE SOU TRAVAY POU MOUN KI RESEVWA DACA AK DREAMERS

Nan dat 18 jen 2024, gouvènman federal la te anonse nouvo aksyon, ki rann li pi fasil pou moun k ap resevwa DACA yo ak elèv ki gradye nan kolèj san papyè yo aplike epi kalifye pou yon viza imigrasyon ki baze sou travay. Lè li fè chanjman nan direktiv ki egziste deja yo ki gen rapò ak egzansyon D-3, Administrasyon Biden te kreye yon chemen pou benefisyè DACA yo ak gradye kolèj san papyè yo jwenn estati imigrasyon tanporè, epi evantyèlman pèmanan.

### **Poukisa sa nesèsè?**

Viza ki baze sou travay yo pa komen pami benefisyè DACA yo ak gradye kolèj san papyè paske anjeneral, ou dwe vwayaje nan yon konsila aletranje pou resevwa yon viza travay. Si ou pa gen papyè epi ou akimile prezans ilegal, oswa ou te antre Ozetazini san pèmisyon, si w kite Etazini sa ka deklanche yon bar ki ka entèdi w retounen Ozetazini.

### **Kisa sa vle di pou ou?**

Si ou pa gen papyè epi ou te gradye nan kolèj oswa ou pral gradye nan kolèj byento, ou ta ka anmezi pou aplike pou yon viza ki baze sou travay, si ou jwenn yon anplwayè, nan domèn ou, ki vle patwone w.

## WhaKi sa ki egzansyon D-3 a ak ki jan li chanje?

Egzansyon D-3 a pèmèt moun ki gen prezans ilegal ak moun ki antre ilegalman pou jwenn viza ki baze sou travay lè yo padone vyolasyon sa yo epi pèmèt yo re-antre Ozetazini avèk estati valab ak otorizasyon travay. Anvan chanjman ki sot pase yo, pwosesis la te ensèten e li te egzije aplikan yo pou yo tann aletranje pou peryòd enprevizib. Aksyon Prezidan Biden klarifye pwosesis sa a epi mete ajou gidans yo pou di klèman li nan enterè peyi a pou apwouve egzansyon D-3 pou elèv ki gradye nan kolèj. Atravè aksyon sa yo, yo espere ke egzansyon yo pral trete nan yon kantite tan ki pi kout, men aplikan yo dwe toujou aplike andeyò Etazini."

## Kisa mwen ka fè kounye a?

Si w ap travay, nou rekòmande pou w pale ak yon moun nan departman Resous Imèn w la pou w kòmanse pwosesis viza ki baze sou travay la, paske se patwon w la ki dwe kòmanse.

Si w pa travay nan domèn ou oswa si w pap travay, nou rekòmande pou w chèche travay nan domèn ou a ki endike konpayi an vle patwone w pou yon viza travay (sa a souvan parèt nan afichaj travay la).



Pou aprann plis vizite **Pòtal Imigrasyon Higher Ed (Higher Ed Immigration Portal)** nan [www.higheredimmigrationportal.org/lptw](http://www.higheredimmigrationportal.org/lptw)



**1-800-354-0365**

Depliyen sa a gen enfòmasyon, se pa konsèy legal. Jwenn èd legal lè w rele Liy Dirèk pou Sipò Legal Imigrasyon (Mayor's Office of Immigrant's Affairs, MOIA) **Lendi a Vandredi, 9AM rive 6PM.**